

[Paj 1]

Enstriksyon yo

Ki Objektif Fòmilè Sa a?

Fòm sa a itilize pou aplike pou azil Ozetazini ak pou sispansyon ekspilsyon (sa yo te rele lontan "sispansyon depòtasyon an"). Aplikasyon sa a ka itilize tou pou mande pwoteksyon dapre Konvansyon Kont Tòti a. Ou ka soumèt aplikasyon sa a si w prezan fizikman Ozetazini, epi ou pa yon sitwayen Ameriken.

REMAK: Ou dwe soumèt yon aplikasyon pou azil nan espas 1 ane apati dat ou te rantre Ozetazini an, sof si gen yon chanjman sikonstansyèl ki afekte materyèlman kalifikasyon ou pou azil oswa sikonstans ekstrawòdinè ki gen rapò dirèkteman ak lefèt ke w pa t soumèt aplikasyon ou nan espas 1 ane. (**Gade Pati C Enfòmasyon Siplemnatè sou Aplikasyon w la, nan Seksyon V. nan Pati 1** enstriksyon yo pou plis eksplikasyon.)

Ou ka mete nan aplikasyon w lan mari oswa madanm ou ak timoun ki pa marye ki gen mwens pase 21 an e ki prezan fizikman Ozetazini. Ou dwe soumèt sèten dokiman pou mari oswa madanm ou ak chak timoun ki enkli nan enstriksyon sa yo egzijè li. Timoun ki gen 21 an oswa plis ak timoun ki marye yo dwe soumèt aplikasyon yo separeman. Si yo ba w azil epi mari oswa madanm ou ak/oswa tout timoun ki poko marye ki gen mwens pase 21 an yo twouve yo andeyò Etazini, ou gen dwa depoze Fòm I-730, Petisyon pou Fanmi Refijye ak Demandè Azil yo, pou yo ka benefisye menm avantaj yo.

Seksyon Enstriksyon: Enfòmasyon sou Depozisyon ak Kijan Aplikasyon w lan Pral Trete

Enstriksyon yo divize an de seksyon:

Premye seksyon an gen enfòmasyon sou aplikasyon yo. Seksyon sa a pale sou kritè kalifikasyon debaz yo epi li gide w pou ranpli ak soumèt aplikasyon an.

Dezyèm seksyon an eksplike kijan yo pral trete aplikasyon w lan. Seksyon sa a dekri tou benefis pwovizwa potansyèl ki disponib pandan aplikasyon w lan annatant.

Li enstriksyon sa yo ak anpil atansyon. Enstriksyon yo pral ede w ranpli aplikasyon w lan epi konprann kijan yo pral trete l. Si w gen kesyon sou kalifikasyon w, sou fason pou w ranpli fòmilè a, oswa sou pwosesis azil la, ou ka konsilte yon avoka oswa yon lòt moun ki kalifye pou ede w. (Gade Seksyon IV Dwa pou Jwenn Èd yon Avoka, nan Pati I enstriksyon sa yo.)

AVÈTISMAN: Aplikan ki twouve yo Ozetazini ilegalman gen posiblite pou yo ekspilse yo si yon ajan azil oswa yon jij imigrasyon pa akòde demann azil yo oswa demann sispansyon ekspilsyon yo.

Tout enfòmasyon ki bay nan ranpli aplikasyon sa a ka itilize kòm yon baz pou enstitisyon, oswa kòm prèv nan, yon pwosedi ekspilsyon, menm si aplikasyon an ta retire apresya.

Aplikan yo detèmine ki te soumèt konsyamman yon aplikasyon frivòl pou azil, p ap janm kalifye pou okenn benefis dapre Lwa Imigrasyon ak Nasyonalite a (INA). Ou pa ka evite yon konklizyon frivòl tou senpleman paske yon moun te konseye w bay fo enfòmasyon nan aplikasyon azil ou a.

Si w soumèt aplikasyon w nan Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS), absans ki pa motive pou yon randevou oswa pa bay done biyometrik (tankou anprent dijital) ak lòt enfòmasyon biyografik nan delè ki fikse a ka retade kalifikasyon pou otorizasyon pou travay epi lakòz yon ajan azil rejte aplikasyon ou an oswa refere li devan yon jij imigrasyon.

Aplikan yo ak moun depandan ki elijib nan kad pwosedi ekspilsyon an ki pa bay USCIS, san rezon valab, enfòmasyon biyometrik yo oswa enfòmasyon biyografik yo nan delè ki fikse a ka wè yon jij imigrasyon deklare aplikasyon yo a abandone. Gade nan seksyon 208(d)(5)(A) ak 208(d)(6) INA a ak 8 Kòd Règlemantasyon Federal CFR seksyon 208.10, 1208.10, 208.20,

1003.47(d), and 1208.20.

Pou itilizasyon ki pa ofisyèl

[Paj 2]

Table Dèmatyè

Pati 1. Enstriksyon pou soumèt Aplikasyon.....	2
I. Kiyès Ki Ka Aplike ak Dat Limit pou Soumèt Aplikasyon an.....	2
II. Baz Kalifikasyon an.....	3
A. Azil.....	3
B. Sispanyon pou Ekspilsyon.....	3
C. Repò Ekspilsyon Dapre Konvansyon Kont Tòti a.....	4
D. Sous Legal ak Oryantasyon ki gen Rapò ak Kalifikasyon.....	4
III. Konfidansyalite.....	4
IV. Dwa pou Jwenn Èd yon Avoka.....	4
V. Jwenn ak Ranpli Fòmilè.....	5
Pati A.I. Enfòmasyon Sou ou.....	5
Pati A.II. Mari/Madanm ak Timoun yo.....	5
Pati A.III. Enfòmasyon Sou Istorik Ou	6
Pati B. Enfòmasyon Sou Aplikasyon w lan.....	6
Pati C. Enfòmasyon Siplemanntè Sou Aplikasyon w lan.....	6
Pati D. Siyati W.....	7
Pati E. Siyati Moun k ap Prepare Fòmilè a, Si Se Pa Ou.....	7
Pati F. Pou Ranpli nan Entèvyou Demann Azil, Si Sa Aplikab.....	7
Pati G. Pou Ranpli Nan Odyans Pou Ekspilsyon, Si Sa Aplikab.....	7
VI. Dokiman Obligatwa ak Kantite Kopi Ou Dwe Soumèt Avèk Aplikasyon w Lan.....	8
VII. Prèv Siplemanntè Ke w Dwe Soumèt.....	8
VIII. Frè.....	8
IX. Done Biyometrik, ki gen ladan Anprent Dijital ak Foto.....	8
X. Òganizasyon Aplikasyon w lan.....	9
XI. Aplikasyon Azil Enkonplè.....	9
XII. Ki kote pou Depoze Aplikasyon an?.....	9
Pati 2. Enfòmasyon Konsènan Egzijans yo apre Depozisyon Aplikasyon an.....	12
I. Obligasyon pou Bay Notifikasyon nan ka chanjman Adrès Ou.....	12
II. Pwosesis Entèvyou pou Azil.....	12
III. Eitati w Pandan Aplikasyon w la Annatant.....	12
IV. Vwayaje Andeyò Etazini.....	13
V. Otorizasyon pou Travay Pandan Aplikasyon Azil Ou Annatant.....	13
Avi Konfidansyalite USCIS.....	13
Fòmilè ak Enfòmasyon USCI.....	13
Sanksyon.....	13
Lwa sou Rediksyon Fòmalitye Administrativ.....	13
Konpleman pou Fòmilè I-589.....	14

Pati 1. Enstriksyon pou soumèt Aplikasyon

I. Kiyès Ki Ka Aplike ak Dat Limit pou Soumèt Aplikasyon an

Ou ka aplike pou azil kèlkeswa estati imigrasyon w, menm si w twouve w Ozetazini ilegalman, sòf dispozisyon kontrè lalwa oswa règleman yo.

Ou DWE soumèt aplikasyon sa a nan espas 1 ane apati dat ou te rantre Ozetazini sof si ou kapab pwouve ke gen yon chanjman sikonstansyèl ki afekte kalifikasyon ou pou azil oswa sikonstans ekstrawòdinè ki te anpeche w soumèt aplikasyon an nan espas 1 ane. (Gade Seksyon IV, Dwa pou jwenn èd yon Avoka, nan Pati I enstriksyon sa yo.)

Yon Timoun etranje ki pa akonpaye (UAC) se yon tèm legal ki dezinye yon timoun ki pa sitwayen Ameriken, ki pa gen estati imigrasyon legal Ozetazini; ki pako gen 18 an; epi ki pa gen okenn paran oswa gad legal Ozetazini, oswa ki pa gen okenn paran oswa gad legal Ozetazini ki disponib pou bay swen ak gad fizik. Gade 6 U.S.C. 279(g)(2). Divizyon Azil la gen konpetans inisyal sou yon aplikasyon azil yon UAC depoze, sa ki gen ladan yon UAC ki nan pwosedi ekspilsyon devan yon jij imigrasyon. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis azil pou UAC yo, vizite sitwèb USCIS la sou dosye azil nan www.uscis.gov/humanitarian/refugees-asylum/asylum/minor-children-applying-asylum-themselves.

Enstriksyon detaye pou soumèt yon aplikasyon UAC twouve li nan **Pati 1 an. Seksyon XII** enstriksyon sa yo.

Si yon jij imigrasyon oswa Komisyon Apèl Imigrasyon an te refize w azil deja, ou dwe montre ke gen yon chanjman sikonstansyèl ki afekte kalifikasyon w pou azil.

Desizyon pou konnen si w gen pèmasyon pou aplike pou azil la ap fèt yon fwa ou te gen yon entèvyou ak yon ajan azil oswa yon odyans devan yon jij imigrasyon. Menm si w pa kalifye pou aplike pou azil pou rezon ki endike anwo a, ou ka toujou elijib pou aplike pou sispansyon ekspilsyon dapre seksyon 241(b)(3) INA a oswa dapre Konvansyon Kont Tòti devan Tribinal Imigrasyon an.

Dapre atik 48 U.S.C. 1806(A)(7), si w prezan fizikman nan, oswa ou rive nan zile Commonwealth Maryàn Dinò, ou pa ka aplike pou azil anvan 1ye janvyè 2022; sepandan, ou gen dwa itilize Fòmilè I-589, Aplikasyon pou Azil ak pou Sispansyon Ekspilsyon, pou aplike pou sispansyon ekspilsyon ak pou pwoteksyon kont ekspilsyon dapre Konvansyon Kont Tòti nan kad yon pwosedi devan Tribinal Imigrasyon an.

[Paj 3]

Pati 1. Enstriksyon pou soumèt (Kontinite)

II. Baz Kalifikasyon an

A. Azil

Pou kalifye pou azil, ou dwe pwouve ke w se yon refijye ki pa kapab oswa ki pa vle retounen nan peyi ou gen nasyonalite a, oswa dènye rezidans abityèl ou si w pa gen nasyonalite, akòz pèsekisyon oswa yon

krent byen fonde pou pèsèkisyon pou koze ras, relijyon, nasyonalite, manm yon gwoup sosyal patikilye, oswa opinyon politik. Sa vle di, ou dwe pwouve ke ras, relijyon, nasyonalite, manm yon gwoup sosyal patikilye, oswa opinyon politik te oswa pral omwen yon rezon santral pou pèsèkite w oswa ki fè ou krenn pèsèkisyon. (Gade seksyon 208 INA a; 8 CFR seksyon 208 ak 1208, et seq.)

Si yo akòde w azil, ou menm ak tout mari oswa madanm oswa timoun ki elijib ki enkli nan aplikasyon w lan ka rete epi travay Ozetazini epi evantyèlman ka jwenn estati rezidan pèmanan legal. **Si yo pa ba w azil, Depatman Sekirite Enteryè (DHS) ka itilize enfòmasyon ou bay nan aplikasyon sa a pou etabli ke w sijè pou ekspilsyon Ozetazini.**

B. Sispansyon pou Ekspilsyon

Aplikasyon azil ou a konsidere tou kòm yon aplikasyon pou demann sispansyon ekspilsyon dapre atik 241(b)(3) INA a, jan sa amande a. Yo kapab konsidere l tou kòm yon aplikasyon pou yon sispansyon ekspilsyon dapre Konvansyon Kont Tòti a si w tcheke kaz ki anlè nan **Paj 1** nan fòmilè a, oswa si prèw ou prezante yo endike ke w riske sibi tòti nan peyi y ap ekspilse w la. (Gade 8 CFR seksyon 208.13(c)(1) ak 1208.13(c)(1)). Si yo pa akòde azil la, ou ka toujou elijib pou sispansyon ekspilsyon an.

Kèlkeswa baz aplikasyon pou sispansyon ekspilsyon an, ou p ap kalifye pou sispansyon an si w:

1. Te ede Nazi yo fè pèsèkisyon oswa te patisipe nan jenosid;
2. Te pèsèkite yon lòt moun;
3. Yon jijman final te kondane w pou yon krim patikilyèman grav e reprezante yon danje pou kominote a Ozetazini;
4. Konsidere pou rezon grav kòm otè yon krim grav dwa komen andeyò Etazini; oswa
5. Reprezante yon danje pou sekirite Etazini. (Gade seksyon 241(b)(3) INA ; 8 CFR seksyon 208.16 ak 1208.16.)

Sispansyon Ekspilsyon dapre Seksyon 241(b)(3) INA

Pou w kalifye pou sispansyon ekspilsyon dapre seksyon 241(b)(3) INA, ou dwe pwouve ke w gen plis chans pou lavi w oswa libète w ta menase akòz ras, relijyon, nasyonalite, manm nan yon gwoup sosyal patikilye, oswa opinyon politik nan peyi yo pwopoze pou ekspilse w la.

Si w jwenn yon òdonans sispansyon ekspilsyon, yo pa ka voye w nan peyi kote lavi w oswa libète w pral menase. Sa vle di ke yo ka voye w nan yon twazyèm peyi kote lavi w oswa libète w pa pral menase. Sispansyon ekspilsyon an pa aplike nan yon fason derive ak mari oswa madanm oswa timoun ki enkli nan aplikasyon an; yo dwe aplike pou pwoteksyon sa a poukont yo.

Si yo akòde w sispansyon ekspilsyon an, sa p ap ba w dwa pou mennen fanmi w Ozetazini. Li pa ba w dwa tou pou w aplike pou estati rezidan pèmanan legal Ozetazini.

Sispansyon pou Ekspilsyon dapre Konvansyon Kont Tòti a

Konvansyon Kont Tòti a fè referans ak Konvansyon Nasyonzini kont Tòti ak Lòt Pinisyon oswa Tretman Kriyèl, San Pitye oswa Degradan.

Pou benfisye sispansyon ekspilsyon vè yon lòt peyi dapre Atik 3 Konvansyon kont Tòti a, jan sa etabli nan lejislasyon Amerikèn nan, ou dwe montre ke gen plis chans ke w pral sibi tòti nan peyi sa a.

"Tòti" defini nan seksyon 8 CFR 208.18(a) ak 1208.18(a), ki reprann definisyon ki nan Atik 1 Konvansyon kont Tòti a jan yo etabli nan lejislasyon Amerikèn nan. Pou yon zak konsidere kòm tòti, li dwe yon fòm ekstrèm tretman kriyèl ak san pitye, li dwe pwovoke gwo doulè ak soufrans fizik oswa mantal, epi li dwe espesyalman destine pou pwovoke gwo doulè ak soufrans.

Tòti se yon aksyon yo fè nan objektif pou jwenn nan men viktim nan oswa yon tyès pèsòn enfòmasyon oswa yon konfesyon, pini viktim nan pou yon zak li oswa yon tyès pèsòn te komèt oswa yo sispèk li te komèt, entimide oswa fòse viktim nan oswa yon tyès pèsòn, oswa pou nenpòt rezon ki baze sou kèlkeswa diskriminasyon an.

Se yon fonksyonè piblik oswa lòt moun ki aji avèk yon tit ofisyèl ki dwe enflije oswa inisyatè tòti a. Viktim nan dwe sou gad oswa kontwòl fizik bouwo a. Tòti a pa gen ladan doulè oswa soufrans ki soti sèlman nan sanksyon legal yo, ki fè pati sanksyon sa yo oswa ki endirèk ak yo, byenke aksyon sa yo pa ka devye bi ak objektif Konvansyon Kont Tòti a.

Fòmilè I-589 pral konsidere kòm yon aplikasyon pou sispansyon ekspilsyon dapre Konvansyon Kont Tòti a si w di jij imigrasyon an ke w ta renmen yo konsidere aplikasyon ou an dapre Konvansyon Kont Tòti a, oswa si yo detèmine gen prèv ki endike ke w gen dwa sibi tòti nan peyi y ap ekspilse w la.

[Paj 4]

Pou aplike pou sispansyon ekspilsyon dapre Konvansyon Kont Tòti a, ou dwe tcheke kaz ki anlè nan **Paj 1** aplikasyon an epi ranpli Fòmilè I-589 la totalman.

Ou dwe ajoute yon eksplikasyon detaye sou rezon ki fè w krenn pou w pa sibi tòti kòm repons nan **Pati B. Kesyon 4** aplikasyon an. Nan repons ou a, ou dwe ekri tout move tretman ou te sibi oswa nenpòt menas ke yon gouvènman oswa yon moun ki lye ak yon gouvènman te fè kont ou.

Se sèlman jij imigrasyon yo ak Komisyon Apèl pou Imigrasyon an ki kapab akòde yon sispansyon oswa repòte sispansyon an dapre konvansyon Kont Tòti a. Si w te aplike pou azil, jij imigrasyon an ap detèmine dabò si w elijib pou azil dapre seksyon 208 INA a ak sispansyon ekspilsyon an dapre seksyon 241(b)(3) INA. Si w pa elijib pou azil dapre seksyon 208 INA a oswa pou sispansyon ekspilsyon an dapre seksyon 241(b)(3) INA a, jij imigrasyon an ap detèmine si Konvansyon Kont Tòti a entèdi ekspilsyon w nan yon peyi kote w krenn pou yo pa tòtire w.

Jan sa etabli nan lejislasyon Amerikèn nan, Atik 3 Konvansyon kont Tòti a entèdi Etazini ekspilse w nan yon peyi kote gen plis chans ke pral sibi tòti. **Konvansyon Kont tòti a pa entèdi Etazini ekspilse w vè lòt peyi kote yo p ap tòtire w.** Sa vle di ke yo ka ekspilse w nan yon twazyèm peyi kote ou pa pral sibi tòti. Sispansyon ekspilsyon an dapre Konvansyon Kont Tòti a pa pèmèt ou jwenn estati rezidan pèmanan legal oswa fè yon petisyon pou mennen manm fanmi ou vini, oswa rete Ozetazini.

C. Repò Ekspilsyon Dapre Konvansyon Kont Tòti a

Si gen plis chans pase ke w pral sibi tòti nan yon peyi men ou pa elijib pou sispansyon ekspilsyon an, y ap repòte ekspilsyon an dapre seksyon 8 CFR 208.17(a) ak 1208.17(a). Repò ekspilsyon an pa bay okenn estati imigrasyon legal oswa pèmanan Ozetazini epi li pa nesèsman lakòz moun nan soti nan detansyon. Sispansyon ekspilsyon an anviyè jiskaske li sispann. Sispansyon ekspilsyon an gen dwa revize epi anile si yo detèmine ke li pa pral gen anpil chans pou yo tòtire w nan peyi kote yo te repòte ekspilsyon ou an oswa si w mande pou yo mete fen nan pwosesis sispansyon an.

D. Sous Legal ak Oryantasyon ki gen Rapò ak Kalifikasyon

Dokiman ki nan lis anba a se kèk nan sous legal ak oryantasyon ki gen rapò ak azil, sispansyon ekspilsyon dapre seksyon 241(b)(3) INA a, sispansyon ekspilsyon oswa repò ekspilsyon dapre Konvansyon Kont Tòti a.

Sous sa yo bay pou referans sèlman. Ou pa bezwen al gade yo pou w ka ranpli aplikasyon w lan.

1. Seksyon 101(a)(42) INA, 8 U.S.C. 1101(a)(42) (ki define tèm "refijye" a);
2. Seksyon 208 INA, 8 U.S.C. 1158 (konsènan kalifikasyon pou azil);
3. Seksyon 241(b)(3) INA, 8 U.S.C. 1231(b)(3) (konsènan kalifikasyon pou sispansyon ekspilsyon);
4. Tit 8 CFR pati 103.2, 208 ak 1208, et seq;
5. Atik 3 Konvansyon Kont Tòti ak lòt pinisyon oswa tretman kriyèl, san pitye oswa degradan, jan sa etabli nan seksyon 2242(b) oswa Lwa sou Refòm ak Restriktirasyon Afè Etranjè 1998 la ak 8 CFR seksyon 208, jan sa amande pa Règleman konsènan Konvansyon Kont Tòti a: Règ Pwovizwa, 64 FR 8478-8492 (19 fevriye 1999) (anvigè 22 mas 1999); 64 FR 13881 (23 mas 1999);
6. Pwotokòl Nasyonzini ane 1967 la ki gen rapò ak Eitati Refijye yo;
7. Konvansyon 1951 ki gen rapò ak Eitati Refijye yo; epi
8. Wo Komisarya Nasyonzini pou Refijye yo, Manyèl sou Pwosedi ak Kritè pou detèmine Eitati Refijye (Jenèv, 1992).

III. Konfidansyalite

Yo pral itilize enfòmasyon yo kolekte yo pou pran yon dezisyon konsènan aplikasyon w lan. Yo ka kominike yo bay lòt ajans gouvènman yo (federal, eta, lokal, ak/oswa etranje) tou pou rezon investigasyon oswa aksyon legal pou zafè kriminel ak/oswa sivil ak pou pou pwoblèm desizyon pou benefis yo lakòz. Sepandan, tout enfòmasyon ki endike ke w te aplike pou azil yo pa pral jwenn okenn gouvènman oswa peyi kote ou krenn yon pèsekisyon. Règleman nan 8 CFR seksyon 208.6 ak 1208.6 pwoteje konfidansyalite demann pou azil yo.

IV. Dwa pou Jwenn Èd yon Avoka

Lwa imigrasyon ki konsène azil ak sispansyon ekspilsyon oswa repò ekspilsyon an konplèks. Ou gen dwa pou jwenn ak bay pwòp reprezantasyon legal ou nan yon entèvyou sou azil ak pandan pwosedi imigrasyon devan Tribinal Imigrasyon ki pa sou frè Gouvènman Ameriken an.

Si w bezwen oswa si w ta renmen jwenn èd pou w ranpli fòm sa a epi pou w prepare deklarasyon alekri w yo, èd nan men avoka pro bono (gratis) ak/oswa ajans benevòl yo ka disponib. Ajans benevòl yo ka ede w san frè oswa ak yon frè redui, epi avoka ki sou lis ki endike anba la a ka pran ka w la san frè. Si w poko resevwa nan men USCIS oswa Tribinal Imigrasyon an yon lis avoka ak reprezantan ki akredite, ou ka

jwenn yon lis nan rele nan **1-800-870-3676** oswa ale sou sitwèb Depatman Jistis Etazini (DOJ), Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (EOIR) nan adrès

www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers-map.

[Paj 5]

Reprezantan Wo Komisarya Nasyonzini pou Refijye yo (UNHCR) ka ede w idantifye moun ki ka ede w ranpli aplikasyon an. RefWorld, yon baz done resous ki disponib sou sitwèb UNHCR oswa nan www.refworld.org, bay enfòmasyon itil sou kondisyon peyi yo ki soti nan plizyè sous. Enfòmasyon pou kontakte UNHCR yo se :

Wo Komisarya Nasyonzini pou Refijye yo
1800 Massachusetts Avenue NW, Suite 500
Washington, DC 20036
Telefòn : 202-296-5191
Imèl: usawa@unhcr.org
Sit entènèt: www.unhcr.org

Apèl ki soti nan Sant Detansyon ak Prizon yo. Demandè azil nan sant detansyon ak prizon yo ka rele UNHCR gratis nan konpoze #566 oswa **1-888-272-1913**, jou lendi, mèkredi ak vandredi, soti 2 p.m. rive 5 p.m. (Lè Estanda nan Lès).

V. Jwenn ak Ranpli Fòmilè

USCIS bay fòmilè gratis atravè sitwèb USCIS la. Pou wè, enprime, oswa ranpli fòmilè nou yo, ou dwe itilize dènye vèsyon Adobe Reader, ke ou ka telechaje gratis sou <http://get.adobe.com/reader/>. Si w pa gen aksè avèk entènèt, ou kapab rele Sèvis USCIS pou Kliyan yo nan **1-800-767-1833** (TTY **1-800-767-1833**) epi mande yo voye yon fòmilè pou w pa lapòs. Sèvis USCIS pou Kliyan yo bay enfòmasyon an Angle ak Panyòl.

Ou dwe tape oswa enprime tout repons ou yo ak lank nwa nan Fòmilè I-589. Repons ou yo dwe redije nan lang angle. Fòm ki ranpli nan yon lòt lang ki pa anglè yo ap retounen jwenn ou. Ou dwe bay enfòmasyon espesifik yo mande sou ou menm ak fanmi ou epi **reponn tout kesyon ki poze yo**.

Si yon kesyon pa aplike pou ou oswa ou pa konnen enfòmasyon yo mande a, reponn "okenn," "pa aplikab," oswa "enkoni".

Ou dwe bay enfòmasyon detaye epi reponn kesyon yo totalman otan ke sa posib. Si w ranpli aplikasyon w lan ak enfòmasyon ki manke, nou ka retounen li ba ou kòm enkonplè. Si w bezwen plis espas, ajoute Fòmilè I-589, konpleman A oswa B (ki enkli nan dosye aplikasyon an) ak/oswa fèy adisyonèl ki endike nimewo kesyon (yo) w ap reponn nan.

Nou ankouraje w pou w ajoute plis deklarasyon alekri ak dokiman ki sipòte demann ou an. Deklarasyon ekri ou yo ta dwe gen ladan evènman, dat, ak detay sou eksperyans ou ki gen rapò ak demann azil ou a.

RAMAK: Mete Nimewo Enskripsyon nan rejis etranje yo (A-Number) (si genyen), non (egzakteman jan li parèt nan **Pati A.I.** nan fòmilè a), siyati, ak dat sou chak fèy siplemantè ak sou paj kouvèti nenpòt dokiman jistifikatif.

Ou ka modifiye oswa konplete aplikasyon w nan moman entèvyou ou ak yon ajan azil ak nan odyans ou devan Tribinal Imigrasyon nan bay plis enfòmasyon ak eksplikasyon sou demann azil ou a.

Pati A.I. Enfòmasyon Sou ou

Pati sa a mande enfòmasyon debaz sou ou. Nimewo Enskripsyon nan rejis etranje yo (A-Number) fè referans ak nimewo dosye USCIS ou. Si w poko genyen yon A-Number, USCIS ap ba w youn.

Ou dwe bay adrès domisil ou (adrès kote w abite fizikman) Ozetazini nan **Pati A.I., Kesyon 8**, nan aplikasyon azil la. Ou ka bay tou yon adrès postal, si li diferan de adrès kote w abite a, nan **Kesyon 9 la**. Si yon lòt moun ap rekipere kourye lapòs ou pou ou nan adrès postal ou a, ou ka antre non moun sa a nan espas "Resevwa nan non yon lòt moun" nan repons pou **Kesyon 9 la**. Si adrès postal ou se yon bwat postal, mete adrès sa a nan **Kesyon 9 la** epi mete adrès domisil kote w abite fizikman an nan **Kesyon 8 la**.

Nan **Kesyon 13 la**, itilize non aktyèl peyi a. Pa itilize non istorik, etnik, pwovens oswa lòt non lokal yo.

Si w te antre nan peyi a avèk enspeksyon, nimewo Fòmilè I-94 ki mansyone nan **Kesyon 19b** a se nimewo ki sou Fòmilè I-94, Dosye Arive-Depa, yo te ba w lè w te antre Ozetazini. Nan **Kesyon 19c**, antre dat ak estati a jan li parèt sou Fòmilè I-94. Si w pa t resevwa Fòmilè I-94, ekri "Okenn". Si w te antre san yon ofisye imigrasyon te enspekte w, ekri "Pa gen Enspeksyon" nan **Kesyon 19c** nan seksyon sou estati oswa sitiyasyon aktyèl la.

Pati A.II. Mari/Madanm ak Timoun yo

Ou dwe ajoute mari oswa madanm ou ak tout pitit ou yo, ki gen ladan timoun pa alyans ou yo, timoun ki mouri yo, timoun ki adopte yo, ak timoun ki adilt yo, nan aplikasyon sa a, kèlkeswa laj yo, sitiyasyon matrimonyal yo, si yo Ozetazini oswa si yo enkli ou non nan aplikasyon sa a oswa yo depoze yon aplikasyon azil apa.

Anplis de sa, ou ka mete nan aplikasyon azil ou a mari oswa madanm ou ak/oswa tout timoun ki poko gen 21 an epi ki pa marye, si yo Ozetazini. Timoun ki marye ak/oswa timoun ki gen 21 an oswa plis dwe aplike separeman pou azil nan soumèt pwòp Fòmilè I-589 pa yo. Mete mari oswa madanm ou ak/oswa pitit ou yo nan aplikasyon azil ou vle di ke si USCIS oswa EOIR apwouve aplikasyon w lan, mari oswa madanm ou oswa pitit ou yo pral apwouve tou.

Yon lòt bò, si demann azil ou pa apwouve, mari oswa madanm ou oswa pitit ou yo pa apwouve tou.

Si w aplike pou azil pandan w nan pwosedi devan Tribinal Imigrasyon an, jij imigrasyon an gen dwa pa gen otorite pou l bay azil ak yon mari oswa madanm oswa timoun ki enkli nan aplikasyon w lan ki pa nan pwosedi tou.

[Paj 6]

Lè w enkli manm fanmi w nan aplikasyon azil ou a, ou **dwe** soumèt yon kopi anplis pou aplikasyon azil ou ranpli konplètman an ak prèv dokiman jistifikatif ki montre lyen famiyal ki egziste avèk chak manm fanmi w, jan sa dekri anba a :

1. Si w enkli mari oswa madanm ou nan aplikasyon w lan, soumèt twa kopi sètifika maryaj ou ak twa kopi prèv divòs tout maryaj anvan yo.

2. Si w enkli timoun ki poko marye ki poko gen 21 an nan aplikasyon w lan, soumèt twa kopi batistè chak timoun.

Si w pa genyen dokiman sa yo epi ou pa kapab jwenn yo, ou dwe soumèt prèv segondè. Prèv segondè yo enkli men se pa sa sèlman, dosye medikal, dosye relijye, ak dosye lekòl. Ou kapab tou soumèt yon afidavi omwen yon moun pou chak evènman w ap eseye pwouve. Yon fanmi oswa lòt moun ka bay afidavi. Moun ki bay afidavi a pa bezwen sitwayen Ameriken oswa rezidan pèmanan legal.

Afidavi yo dwe:

1. Dekri konplètman sikonstans oswa evènman an (yo) k ap diskite a epi eksplike konplètman kijan moun nan te pran konesans sou evènman an (yo) ;
2. Fè sèman oswa afime pa moun ki te prezan nan moman evènman an (yo) epi ki gen konesans pèsonèl sou evènman an (yo) (dat ak lye de nesans, maryaj, elatriye) ke w ap eseye pwouve; epi
3. Endike non konplè, adrès, dat ak lye de nesans chak moun ki bay afidavi a epi endike tout relasyon ki gen ant ou menm ak moun ki bay afidavi a.

Si w soumèt prèv segondè oswa afidavit, ou dwe eksplike poukisa prèv prensipal (pa egzanp, sètifika nesans oswa maryaj) pa disponib. Ou ka eksplike rezon ki fè prèv prensipal yo pa disponib nan itilize Fòmilè I-589, konpleman B oswa fèy papye sipleman. Ajoute eksplikasyon sa a sou prèv segondè w oswa afidavi w yo.

Si w gen plis pase kat timoun, ranpli Fòmilè I-589, Konpleman A, pou chak lòt timoun oswa ajoute paj ak dokiman sipleman ki bay menm enfòmasyon yo mande nan **Pati A.II.** nan Fòmilè I-589.

Pati A.III. Enfòmasyon Sou Istorik Ou

Reponn **Kesyon 1 - 5**, nan bay detay jan yo mande sa pou chak kesyon. Repons ou yo pou kesyon konsènan kote ou te viv, fòmasyon ou, ak istwa pwofesyonèl ou dwe nan lòd kwonolojik envèse, nan kòmanse pa lye rezidans aktyèl ou, fòmasyon, ak travay aktyèl ou pou remonte letan.

Pati B. Enfòmasyon Sou Aplikasyon w lan

Pati sa a poze kesyon espesifik ki gen rapò ak kalifikasyon pou azil, sispansyon ekspilsyon dapre atik 241(b)(3) nan Lalwa , oswa sispansyon ekspilsyon dapre Konvansyon Kont Tòti a. Pou **Kesyon 1**, tcheke kaz (yo) akote rezon ki fè w ap ranpli aplikasyon sa a. Pou tout lòt kesyon, koche "Wi" oswa "Non" nan kaz yo bay pou sa a.

Si w reponn "Wi" pou youn nan kesyon yo, bay esplikasyon detaye nan itilize Fòmilè I-589, Konpleman B oswa ajoute lòt fèy papye, si sa nesèsè.

Ou dwe dekri klèman tout eksperyans ou, oswa pa manm fanmi w oswa lòt moun ki te fè menm eksperyans ak ou ki ka montre ke w se yon refijye.

Si w te sibi domaj ki fè li difisil pou ou ekri ak eksprime w, ou dwe konnen ke eksperyans sa yo ka enpòtan anpil nan pwosesis pou pran desizyon konsènan demann ou an pou rete Ozetazini. Nan entèvyou ou ak yon ajan azil oswa odyans ak yon jij imigrasyon, w ap bezwen prepare w pou diskite sou domaj ou

te sibi yo. Si w gen pwoblèm pou sonje oswa pale sou evènman ki pase yo, nou sijere pou w pale ak yon avoka, yon reprezantan ki akredite, oswa yon pwofesyonèl lasante ki ka ede w eksplike eksperyans ou ak sitiyasyon aktyèl la.

Pati C. Enfòmasyon Siplemanntè Sou Aplikasyon w lan

Tcheke "Wi" oswa "Non" nan kaz yo bay pou chak kesyon. Si w reponn "Wi" pou youn nan kesyon yo, bay eksplikasyon detaye nan itilize Fòmilè I-589, konpleman B oswa fèy papyè siplemanntè, si sa nesèsè.

Si w reponn "Wi" nan **Kesyon 5 la**, ou dwe eksplike poukisa ou pa t aplike pou azil nan espas yon lane apre dat antre w Ozetazini. Gouvènman an pral aksepte kòm eksplikasyon kèk chanjman nan kondisyon yo nan peyi w, kèk chanjman nan pwòp sitiyasyon w, ak kèk lòt evènman ki te ka anpeche w aplike pi bonè.

Pa egzanp, kèk nan evènman Gouvènman an ta ka konsidere kòm eksplikasyon valab gen ladan men ki pa limite ak sa ki annapre yo:

1. Ou aprann ke kondisyon dwa moun nan peyi w te vin pi mal depi w te pati a ;
2. Akòz eta sante w, ou pa t kapab soumèt aplikasyon sa a nan espas 1 ane apre ou te rive ;
3. Ou te deja soumèt yon aplikasyon, men yo te retounen li ba ou paske li pa t konplè, epi ou te soumèt yon aplikasyon konplè nan yon delè rezonab.

Règleman federal yo presize kèk nan lòt kalite evènman yo ki ka konsidere tou kòm eksplikasyon valab pou eksplike aplikasyon anreta a. Règleman sa yo twouve yo nan 8 CFR seksyon 208.4 ak 1208.4. Lis ki nan règleman yo pa kouvri tout bagay, e Gouvènman an rekonèt ke gen anpil lòt sikonstans ki ta ka rezonab akseptab pou soumèt aplikasyon ou an plis pase 1 ane apre dat ou te rive a.

[Paj 7]

Si w pa kapab eksplike poukisa ou pa t aplike pou azil nan espas premye ane a apre ou te rantre Ozetazini oswa si Gouvènman an pa aksepte eksplikasyon ou, ou ka pa kalifye pou aplike pou azil, men yo ka toujou kalifye pou yon sispansyon ekspilasyon dapre atik 241(b)(3) INA a, oswa pou yon pwoteksyon kont ekspilasyon dapre Konvansyon Kont Tòti a.

Pati D. Siyati W

Ou dwe siyen aplikasyon w lan nan **Pati D** epi reponn kesyon konsènan tout èd ou te resevwa pou ranpli aplikasyon w lan, bay enfòmasyon yo mande yo. Siyen apre ou fin ranpli epi revize aplikasyon an.

Si yo detèmine ou te soumèt konsyamman yon aplikasyon frivòl pou azil , ou ka pa janm kalifye pou okenn benefis dapre INA. (Gade seksyon 208(d)(6) INA.)

Dapre règleman nan 8 CFR seksyon 208.20 ak 1208.20, yon aplikasyon konsidere kòm frivòl si youn nan eleman materyèl li yo fabrike volontèman. (**Gade Seksyon IV, Dwa pou jwenn Avoka**, nan Pati 1 nan enstriksyon sa yo si w gen nenpòt kesyon.) Ou pa ka evite yon konklizyon frivòl tou senpleman paske yon moun te konseye oswa te di w pou bay fo enfòmasyon nan aplikasyon azil ou a.

Pati E. Siyati Moun k ap Prepare Fòmilè a, Si Se Pa Ou

Tout moun, ki pa yon manm fanmi imedyà (mari oswa madanm ou, paran (yo) oswa timoun ou yo), ki te ede prepare aplikasyon w lan dwe siyen aplikasyon an nan **Pati E** epi bay enfòmasyon yo mande yo.

Sanksyon pou Fo Temwayaj

Tout deklarasyon ki bay kòm repons pou kesyon ki nan aplikasyon sa a deklare ke yo vrè epi yo kòrèk sou pèn sanksyon pou fo temwayaj. Ou menm ak nenpòt moun, ki pa yon manm fanmi imedyà, ki ede w nan prepare aplikasyon an dwe siyen aplikasyon an sou pèn sanksyon pou fo temwayaj. Siyati w se prèv ou konnen sa ki nan aplikasyon sa a. Tout moun k ap ede w prepare fòmilè sa a, ki pa yon manm fanmi imedyà, dwe mete non li, adrès, ak nimewo telefòn li epi siyen aplikasyon an kote yo endike pou sa nan **Pati E a**.

Si moun preparatè a pa siyen, aplikasyon an ap retounen jwenn ou kòm yon aplikasyon ki pa konplè.

Si USCIS oswa EOIR vin konnen pita ou te resevwa èd nan men yon lòt moun ki pa yon manm fanmi imedyà epi moun ki te ede w la pa t siyen aplikasyon an **volontèman**, sa ka lakòz yon desizyon negatif kont ou.

Tit 18, Kòd Etazini (U.S.C.), seksyon 1546(a), di an pati :

Nenpòt moun ki sèman konsyamman, oswa jan sa otorize sou pèn sanksyon pou fo temwayaj dapre seksyon 1746 nan tit 28 la, soukri an tout konesans de koz, tout fo deklarasyon konsènan yon reyalyte materyèl nan tout aplikasyon, afidavi, oswa lòt dokiman lwa imigrasyon oswa règleman yo egzije ki preskri anba sa a, oswa konsyamman prezante yon aplikasyon konsa, afidavi, oswa lòt dokiman ki gen nenpòt fo deklarasyon sa yo pral peye amann an akò ak tit sa a oswa pran yon pèn prizon ki pa depase 10 an, oswa toude.

Nan ka sikonstans grav, pèn maksimòm nan ka rive nan 25 an prizon.

Si konsyamman ou bay fo enfòmasyon nan aplikasyon sa a, ou menm oswa moun k ap prepare aplikasyon sa a kapab sibi sanksyon penal dapre tit 18 U.S.C. ak sanksyon sivil dapre seksyon 274C INA, 8 U.S.C. 1324c (gade 8 CFR pati 270 ak 1270).

Pati F. Pou Ranpli nan Entèvyou Demann Azil, Si Sa Aplikab

Pa siyen aplikasyon w lan nan **Pati F** la anvan w ranpli fòmilè sa a. Yo pral mande w siyen aplikasyon w lan nan espas sa a nan fen entèvyou a konsènan demann ou an.

REMAK: Men, ou dwe siyen **Pati D** aplikasyon an.

Pati G. Pou Ranpli Nan Odyans Pou Ekspilsyon, Si Sa Aplikab

Pa siyen aplikasyon w lan nan **Pati G** a anvan w ranpli fòmilè sa a. Yo pral mande w siyen aplikasyon w lan nan espas sa a lè odyans la devan jij imigrasyon an.

REMAK: Men, ou dwe siyen **Pati D** aplikasyon an.

N ap raple w ankò, si yo detèmine ke wu te soumèt konsyamman yon aplikasyon frivòl pou azil, ou ou riske pou p ap janm kalifye pou okenn benefis dapre INA. (Gade seksyon 208(d)(6) INA.)

Dapre règleman nan 8 CFR seksyon 208.20 ak 1208.20, yo konsidere yon aplikasyon kòm frivòl si youn nan eleman materyèl yo fabrike volontèman. Ankò, sonje ke w pa ka evite yon konklizyon frivòl tou senpleman paske yon moun konseye oswa di ou bay fo enfòmasyon nan aplikasyon azil ou a.

[Paj 8]

VI. Dokiman Obligatwa ak Kantite Kopi Ou Dwe Soumèt Avèk Aplikasyon w Lan

Ou dwe soumèt dokiman sa yo pou w aplike pou azil ak pou sispansyon ekspilsyon:

1. **Orijinal ak yon kopi aplikasyon Fòmilè I-589 ou ranpli a e ki siyen**, ak orijinal la ak yon kopi tout fèy ak deklarasyon siplemantè. Si w chwazi soumèt lòt pyès jistifikatif siplemantè, **gade Seksyon VII. Prèv Siplemantè Ke w Dwe Soumèt, nan pati 1** enstriksyon sa yo. Ou dwe mete de kopi chak dokiman. Ou dwe fè yon kopi epi konsève yon kopi siplemantè aplikasyon ou ranpli a pou dosye pèsonèl ou.
2. **Yon kopi siplemantè aplikasyon w ranpli a, Fòmilè I-589**, avèk deklarasyon siplemantè, pou chak manm fanmi ki site nan **Pati A.II.** ke w ap enkli nan aplikasyon w lan.
3. **De kopi prèv prensipal oswa segondè** ki montre relasyon, tankou lyen familyal, dosye sou ak de nesans oswa lekòl pitit ou yo, sètifika maryaj, oswa prèv divòs, pou chak manm fanmi ki site nan **Pati A.II.** ke w ap enkli nan aplikasyon w lan.

REMAK: Si w soumèt yon afidavi sou sèman, ou dwe soumèt orijinal la ak yon kopi. (Pou egzijans konsènan afidavi, gade **Pati A.II nan Pati 1, Seksyon V** nan enstriksyon sa yo.)

4. **Yon foto paspò** ou menm ak chak manm fanmi ki endike nan **Pati A.II.** ke w ap enkli nan aplikasyon w lan. Foto yo pa dwe fèt pita pase 30 jou anvan ou soumèt aplikasyon w lan. Itilize yon kreyon, ekri non konplè moun nan ak A-Number (si genyen) nan do chak foto.
5. **De kopi tout paspò oswa lòt dokiman vwayaj** (depi nan paj kouvèti dokiman an ale nan paj fènti ki se do a) ke w gen nan men w ak de kopi tout dokiman imigrasyon ameriken, tankou yon Fòmilè I-94, Dosye Arive-Depa, pou ou menm ak chak manm fanmi w ki enkli aplikasyon w nan, si w genyen dokiman sa yo. Pa soumèt paspò orijinal oswa dokiman vwayaj sòf si yo mande yo espesyalman.
6. **Si w gen lòt dokiman idantifikasyon** (pa egzanp, batistè, kat idantifikasyon militè oswa nasyonal, lisans chofè, elatriye), nou rekòmande pou w soumèt de kopi ak aplikasyon w lan epi mache ak orijinal la (yo) avèk ou nan entèvyou a.

Kopi. Dokiman ki akonpanye aplikasyon sa a dwe fotokopi. Si w chwazi voye yon dokiman orijinal, USCIS oswa Tribinal Imigrasyon an ka kenbe dokiman orijinal sa a pou dosye l.

Tradiksyon. Tout dokiman ki nan yon lang etranje ki soumèt bay USCIS dwe akonpaye ak yon tradiksyon konplè nan lang angle ke tradiktè a sètifye kòm konplè epi egzat, ak sètifika tradiktè a ke li konpetan pou tradui soti nan lang etranje a mete nan lang angle.

VII. Prèv Siplemanchè Ke w Dwe Soumèt

Ou dwe soumèt prèv jistifikatif rezonab ki disponib ki montre **(1)** kondisyon jeneral yo nan peyi kote w ap chèche azil pou li a, epi **(2)** reyalite espesifik w ap itilize pou sipòte demann ou an.

Si prèv ki sipòte demann ou an pa disponib rezonableman oswa si w pa bay jistifikatif sa a kounye a, ou dwe eksplike poukisa, nan itilize Fòm I-589, Konpleman B oswa fèy papye siplemanchè.

Prèv sipò yo ka gen ladan men ki pa limite ak sa yo sèlman, atik jounal, deklarasyon sou sèman temwen oswa ekspè, dosye medikal ak/oswa sikolojik, deklarasyon doktè, peryodik, jounal, liv, foto, dokiman ofisyèl, oswa deklarasyon pèsònèl oswa temwayaj an dirèk temwen oswa ekspè.

Si w gen difikilte pou pale sou domaj ou te sibi nan lefase, ou ka soumèt rapò yon pwofesyonèl sante ki eksplike difikilte sa a.

VIII. Frè

Pa gen okenn frè pou soumèt aplikasyon sa a.

IX. Done Biyometrik, ki gen ladan Anprent Dijital ak Foto

Aplikasyon pou azil yo pase yon kontwòl biyometrik pou tout dosye apwopriye ak lòt baz done enfòmasyon DHS, Depatman Lajistis, ak Depatman Deta ap jere.

Ou menm ak mari ouwa madanm ou oswa timoun ki kalifye, kèlkeswa laj, ki nan lis sou aplikasyon azil ou a dwe bay done biyometrik pou kòmanse envestigasyon sou pase ki obligatwa oswa pou verifikasyon idantite.

Ou menm, mari ouwa madanm ou ak timoun yo pral resevwa enstriksyon sou fason pou ranpli egzijans sa a. Y ap fè w konnen alekri lè ak adrès Sant Sipò pou Aplikasyon (ASC) kote w dwe ale pou pran anprent dijital ou epi fè foto w.

Si depoziyon an fèt nan USCIS

Absans ki pa motive nan yon randevou oswa pou bay done biyometrik ou ke yo egzije yo, ki gen ladan anprent dijital ak foto, oswa pou bay lòt enfòmasyon biyografik nan delè ki fikse yo, ka retade otorizasyon pou travay ak/oswa lakòz yon ajan azil rejte aplikasyon azil ou a oswa refere li devan yon jij imigrasyon. Pou aplikasyon yo devan yon jij imigrasyon, absans ki pa motive konsa ka konstitye kòm yon abandon aplikasyon azil ou a epi lakòz yon refi otorizasyon pou travay la. (Gade 8 CFR ak seksyon 1003.47(d)).

Nan moman w ap soumèt Fòmilè I-589 ou a, ou **dwe** soumèt foto yo jan yo endike sa nan **Seksyon VI. Dokiman Obligatwa ak Kantite Kopi Obligatwa Ou Dwe Soumèt Ak Aplikasyon w, nan Pati 1** enstriksyon sa yo.

X. Òganizasyon Aplikasyon w lan

Òganize aplikasyon w lan nan lòd sa a, fòmè yon dosye konplè (si sa posib, an sekirite ak klip pou klasè ak elastik pou separe yo fasilman) :

1. Fòmilè I-589 orijinal ou a, avèk tout kesyon yo ranpli, ak aplikasyon ou te siyen nan **Pati D a** epi tout preparatè ki siyen nan **Pati E a** ; epi
2. Yon foto paspò ou agrafe nan fòmilè a nan **Pati D a**.

Dèyè Fòmilè I-589 orijinal ou a, ajoute nan lòd sa a :

1. Yon Fòm G-28, Avi pou Konparèt kòm Avoka oswa Repezantan Akredite, ke ou menm, ak avoka oswa repezantan ou an siyen, si yon avoka oswa repezantan reprezante w ;
2. Orijinal tout fèy siplemantè ak deklarasyon siplemantè yo ki soumèt ak aplikasyon w lan ;
3. Yon kopi tout pyès jistikatif siplemantè ;
4. Yon kopi prèv lyen familial ou genyen ak mari oswa madanm ou ak timoun ki poko marye ak timoun ki poko gen 21 an yo ke w ap enkli nan aplikasyon w lan, si genyen ; epi
5. Yon kopi dokiman ki endike anwo a nan dosye orijinal ou, eksepte foto w.

Si w ap ajoute manm fanmi w nan aplikasyon w lan, mete yon dosye siplemantè pou chak manm fanmi an. Klase dosye pou chak manm fanmi an konsa :

1. Yon kopi Fòmilè I-589 ou ranpli a, ki siyen ak fèy siplemantè ou te soumèt ak aplikasyon orijinal la. Nan **Pati A.II.**, agrafe nan kwen siperyè adwat yon foto paspò manm fanmi w ap enkli a ; epi
2. Yon kopi Fòmilè G-28, si genyen.

Pa egzanp, si w enkli mari oswa madanm ou ak de timoun, ou dwe soumèt dosye orijinal ou, plis yon kopi pou ou, plis yon dosye pou mari oswa madanm ou ak yon dosye pou chak timoun yo, pou yon total senk dosye. Asire w ke chak dosye gen dokiman ki apwopriye yo.

REMAK: Tout paj siplemantè k ap soumèt dwe gen ladan non konplè ou (egzaktman jan li parèt nan **Pati A.I.** fòmilè a), A-Number (si genyen), siyati w ak dat la.

XI. Aplikasyon Azil Enkonplè

Yon aplikasyon azil ki enkonplè pral retounen jwenn ou pa lapòs nan espas 30 jou apre USCIS te resevwa aplikasyon an. Yon aplikasyon ki pa te retounen jwenn ou nan espas 30 jou apre USCIS te resevwa l, ap konsidere kòm konplè, epi w ap resevwa yon akize resepsyon alekri nan men USCIS.

Depozisyon yon aplikasyon konplè kòmanse peryòd 150 jou ou dwe tann anvan ou ka aplike pou otorizasyon travay la. Si aplikasyon w lan pa konplè epi yo retounen li ba w, peryòd 150 jou a p ap kòmanse jiskaske ou resoumèt yon aplikasyon ki byen ranpli. (Gade **Seksyon V. Otorizasyon Travay Pandan Aplikasyon Ou annatant, Pati 2** enstriksyon sa yo pou plis enfòmasyon konsènan kalifikasyon pou otorizasyon travay.)

Yo pral konsidere kòm yon aplikasyon enkonplè nan chak ka sa yo:

1. Aplikasyon an pa gen yon repons pou chak kesyon ki nan Fòmilè I-589 la;
2. Aplikasyon an pa siyen;
3. Aplikasyon an soumèt san foto yo mande a;
4. Aplikasyon an soumèt san kantite kopi apwopriye pou tout dokiman jistifikatif yo; oswa
5. Ou te endike nan **Pati D** ke yon lòt moun te prepare aplikasyon an ki pa ou menm oswa yon manm fanmi imedya epi preparatè a pa t ranpli Pati E aplikasyon pou azil la.

XII. Ki kote pou Depoze Aplikasyon an?

Byenke USCIS pral konfime alekri li resevwa aplikasyon w lan, ou gen dwa vle voye fòmilè ranpli yo pa kourye anrejistre (avèk akize resepsyon) pou pwòp dosye ou.

Si w nan pwosedi devan Tribinal Imigrasyon, sof si w ap soumèt aplikasyon w kòm yon timoun etranje ki pa akonpaye (UAC):

Si aktyèlman ou nan pwosedi devan Tribinal Imigrasyon (sa vle di, si w te resevwa Fòmilè I-221, Odonans pou jistifikasyon ak Avi pou Odyans; Fòmilè I-122, Avi pou Aplikan pou Admisyon ki Retni pou Odyans devan yon Jij Imigrasyon ; Fòm I-862, Avi pou konparèt ; oswa Fòmilè I-863, Avi Refere devan Jij Imigrasyon), ou dwe depoze Fòmilè I-589 ou nan Tribinal Imigrasyon ki gen konpetans pou ka w la.

Nan odyans preliminè ak kout la, avoka DHS la ap ba w enstriksyon ke w dwe swiv pou bay USCIS enfòmasyon biyometrik ak byografi. Ou ka jwenn enstriksyon sa yo tou sou www.uscis.gov/laws/immigration-benefits-oir-removal-proceedings. Paragraf sa yo dekri enstriksyon ou dwe swiv yo.

[Paj 10]

Anplis depoze Fòmilè I-589 ou a nan Tribinal Imigrasyon an epi bay yon kopi nan Biwo Avoka an chèf Imigrasyon ak Ladwàn Ozetazini (ICE) ki apwopriye a, ou dwe ranpli tou kondisyon sa yo anvan jij imigrasyon an ka bay yon èd oswa pwoteksyon nan ka w la.

Voye twa dokiman sa yo bay Sant Sèvis USCIS nan Nebraska :

1. Yon kopi klè twa premye paj Fòm I-589 ou ranpli ou pral depoze oswa ou te depoze nan Tribinal Imigrasyon an, ki dwe gen ladann non **konplè w, adrès domisil aktyèl la, adrès postal aktyèl la, ak A-Number. Pa soumèt** okenn lòt dokiman ke twa premye paj fòm I-589 ki te ranpli a ;
2. Yon kopi Fòm G-28, Avi pou Konparèt kòm Avoka oswa Reprezantan Akredite, si w gen yon reprezantan ; epi
3. Yon kopi enstriksyon avoka DHS te bay ke ou te patisipe nan premye odyans preliminè ak kout ou a nan kad pwosedi imigrasyon ak ekspilasyon an.

**USCIS Nebraska Service Center
Defensive Asylum Application with Immigration Court
P.O. Box 87589
Lincoln, NE 68501-7589**

REMAK: Pa gen okenn frè obligatwa pou aplikasyon Fòm I-589.

Aprè yo fin resevwa twa dokiman yo nan Sant Sèvis USCIS Nebraska a, **w ap resevwa:**

1. Yon akize resepsyon USCIS ki endike ke USCIS te resevwa Fòm I-589 ou a ; epi
2. Yon avi Sant Sipò Aplikasyon ASC pou ou menm, mari oswa madanm ak timoun ki elijib ki enkli nan Fòm I-589 ou a ki nan pwosedi pou ekspilasyon tou. Chak avi ASC pral gen yon nimewo resi inik pou moun nan epi yo pral bay enstriksyon pou chak moun prezante nan yon randevou nan yon ASC ki pi pwòch la pou kolekte done biyometrik (tankou foto ou, anprent dijital, ak siyati). Si w pa resevwa avi ASC nan 3 semèn, rele **1-800-375-5283 (TTY : 1-800-767-1833)**.

REMAK: Si w voye pa lapòs aplikasyon lòt fòm pou mande èd ke w dwe mande pandan w nan pwosedi pou ekspilasyon an, jan sa endike nan enstriksyon avoka DHS la te bay nan odyans preliminè e kout ou a, w ap resevwa de avi ki gen nimewo resi diferan. Ou dwe tann epi pote tou de avi pou randevou yo nan randevou ASC ou a.

Ou menm (ak mari oswa madanm ou ak timoun ki elijib yo, kèlkeswa laj yo) dwe:

1. **Ale** nan randevou biyometrik nan ASC a epi jwenn yon dokiman **konfimasyon biyometrik** anvan ou kite ASC la ; epi
2. **Kenbe konfimasyon biyometrik ASC** ou a kòm prèv ke yo te pran done biyometrik ou epi pote li nan pwochen odyans ou yo devan Tribinal Imigrasyon an.

REMAK : Si enstriksyon ki anwo yo ta dwe chanje nan sa ki konsène anvwakopi twa premye paj aplikasyon azil ou a bay Sant Sèvis USCIS Nebraska pou ka resevwa akize resepsyon ak pwogramasyon randevou ASC, w ap resevwa modifikasyon enstriksyon yo, swa nan odyans preliminè e kout la oswa nan yon lòt moman nan pwosedi devan Tribinal Imigrasyon an. Swiv enstriksyon yo ba w yo, sinon ou riske pa resevwa avi sou pwogramasyon pou kòlèk done biyometrik ASC a alè.

1. Apre fen pwosedi eksklizyon, ekspilsyon, oswa ranvwa, epi an konjonksyon avèk yon rekèt pou re-ouvèti dapre 8 CFR pati 1003, Tribinal Imigrasyon an ki gen konpetans sou pwosedi anvan an, tout rekèt konsa dwe esplike rezonableman absans demann azil anvan fen pwosedi yo ; oswa
2. Nan kad pwosedi dapre 8 CFR 208.2(c) ak 1208.2(c) epi apre yo fin resevwa fòmilè I-863, Avi Refere Devan yon Jij Imigrasyon, epi yo te anonse w epi depoze devan Tribinal Imigrasyon an, yon jij imigrasyon ap gen konpetans eksklizif sou ka w la.

Enstriksyon espesyal pou yon timoun etranje ki pa akonpaye soumèt yon aplikasyon (UAC)

Si w se yon timoun ki nan pwosedi ekspilsyon epi ki soumèt yon aplikasyon kòm yon UAC, dosye aplikasyon w byen ranpli dwe ale nan adrès sa a :

**USCIS Nebraska Service Center
UAC I-589
P.O. Box 87589
Lincoln, NE 68501-7589**

Si w te resevwa yon fèy enstriksyon nan men Avoka DHS la lè w te asiste yon odyans nan Tribinal Imigrasyon an, oswa si w gen yon kopi dokiman Depatman Sante ak Sèvis Sosyal, Biwo Reyentalasyon Refijye (ORR) te bay ki montre ou se, oswa ke ou te sou gad ORR kòm yon UAC, tankou *Fòmilè Referans pou Plasman Inisyal UAC* oswa *Fòmilè Verifikasyon Liberasyon ORR*, tanpri soumèt dokiman sa yo ak dosye aplikasyon w lan tou.

Si w se yon UAC men ou pa nan pwosedi ekspilsyon, tanpri soumèt dosye aplikasyon Fòmilè I-589 ou a jan sa endike anba a nan seksyon ki rele, "*Si w pa nan pwosedi devan Tribinal Imigrasyon oswa devan Komisyon Apèl Imigrasyon an*".

Si w nan pwosedi devan Komisyon Apèl Imigrasyon an :

Ou ka depoze Fòmilè I-589 ou a nan Komisyon Apèl Imigrasyon an ansanm ak yon rekèt pou ranvwa oswa re-ouvèti dapre 8 CFR 1003.2 ak 1003.8. Ou ka depoze yon premye Fòmilè I-589 nan Komisyon Apèl Imigrasyon an sèlman si Konsèy Apèl Imigrasyon an gen konpetans sou ka w la. Tout rekèt konsa dwe esplike rezonableman poukisa ou pa mande azil ak/oswa sispansyon pou ekspilsyon anvan fen pwosedi a.

[Paj 11]

Si w pa nan pwosedi devan Tribinal Imigrasyon oswa devan Komisyon Apèl Imigrasyon an :

Voye Fòmilè I-589 ou byen ranpli ak tout lòt enfòmasyon siplemantè yo nan Sant Sèvis USCIS jan sa endike anba a oswa vizite sitwèb USCIS la: www.uscis.gov/i-589.

<u>Si w ap viv nan :</u> Alabama, Arkansas, Colorado, District of Columbia, Florida, Georgia, Louisiana, Maryland, Mississippi, New Mexico, North Carolina, Oklahoma, Western Pennsylvania* (<i>nan jiridiksyon biwo lokal Pittsburgh</i>), Puerto Rico, South Carolina, Tennessee, Texas, U.S. Virgin Islands, Utah, Virginia, West Virginia, or Wyoming	Voye aplikasyon w lan pa lapòs nan: USCIS Texas Service Center Attn: Asylum P.O. Box 851892 Mesquite, TX 75185-1892
<u>Si w ap viv nan :</u> Alaska, Northern California*, Idaho, Illinois, Indiana, Iowa, Kansas, Kentucky, Michigan, Minnesota, Missouri, Montana Nebraska, Northern Nevada* (<i>nan jiridiksyon biwo lokal Reno</i>), North Dakota, Ohio, Oregon, South Dakota, Washington, or Wisconsin	Voye aplikasyon w lan pa lapòs nan: USCIS Nebraska Service Center P.O. Box 87589 Lincoln, NE 68501-7589
Arizona, Southern California*, Guam, Hawaii, or Southern Nevada* (<i>nan jiridiksyon biwo lokal Las Vegas</i>),	USCIS California Service Center P.O. Box 10881 Laguna Niguel, CA 92607-0881
Connecticut, Delaware, Maine, Massachusetts, New Hampshire, New Jersey, New York, Eastern Pennsylvania* (<i>nan jiridiksyon biwo lokal Philadelphia</i>), Rhode Island, or Vermont	USCIS Vermont Service Center Attn: Asylum 75 Lower Welden Street St. Albans, VT 05479-0589

***REMAK:** Aplikan k ap viv nan California, Nevada, ak Pennsylvania dwe rele Sant Sèvis pou Kliyan USCIS la oswa biwo azil lokal yo si yo pa sèten ki kote pou yo voye aplikasyon yo.

USCIS Contact Center : 1-800-375-5283

TTY : pou moun ki pa tande byen : 1-800-767-1833

Rezidan California ak Nevada

Biwo Azil Los Angeles : 714-808-8000

Biwo Azil San Francisco : 415-293-1234

Rezidan Pennsylvania

Biwo Azil Arlington : 703-235-4100

Biwo Azil Newark : 201-531-0555

Enfòmasyon konsènan biwo azil yo ak ki kote pou depoze aplikasyon pou azil yo disponib tou sou sitwèb USCIS la nan www.uscis.gov.

Si w te aplike pou azil e USCIS te refize ou, oswa si w te deja enkli nan aplikasyon yon mari oswa madanm oswa paran ki annatant men ou pa elijib ankò pou yo enkli w kòm yon moun depandan, voye Fòmilè I-589 ou byen ranpli nan Biwo Azil ki nan jiridiksyon kote ou rete a. (Ale sou www.uscis.gov/asylum pou jwenn enfòmasyon sou jiridiksyon Biwo Azil yo.) Mete yon lèt ak

aplikasyon w lan ki fè konnen ou te deja aplike pou azil epi yo te refize w oswa kounye a w ap aplike pou azil poukont ou. Mete nan lèt la pouki aplikasyon ou te yon depandan.

Ou ka depoze Fòmilè I-589 ou a dirèkteman nan Biwo Azil ki gen konpetans pou ka w la sèlman si :

1. Ou te resevwa otorizasyon ekspès Direktè Biwo Azil la oswa Direktè Divizyon Azil la pou fè sa ;
oswa
2. Ou te deja enkli nan aplikasyon yon mari oswa madanm oswa paran ki annatant men ou pa elijib ankò pou enkli kòm yon aplikan derive. Nan ka sa yo, ou dwe mete yon lèt akonpayeman ki fè referans ak aplikasyon anvan an epi ki eksplike kounye a w ap aplike pou azil poukont ou.

Kategori moun sa yo pa gen dwa ak yon entèvyou azil nan yon biwo azil USCIS :

1. Sèten manm ekipaj etranje ;
2. Sèten kladesten ;
3. Aplikan pou admisyon nan Pwogram Egzanpsyon Visa ;
4. Moun ki depase limit sejou otorize nan kad Pwogram Egzanpsyon Visa e ki vyole estati yo ;
5. Sèten etranje ke ekspilsyon yo te òdone dapre seksyon 235(c) INA pou rezon ki gen rapò ak sekirite ;
epi
6. Etranje yo akòde estati S non-imigran dapre seksyon 101(a)(15)(S) INA (tankou temwen ak enfòmètè).

Moun ki nan kategori espesyal sa yo ki depoze aplikasyon azil nan sant sèvis USCIS yo pral resevwa fòmilè I-863, Avi Refere devan Jij Imigrasyon, lè yo prezante nan biwo azil USCIS la epi yo pral refere yo devan Tribinal Imigrasyon an pou yon odyans pou azil sèlman.

Si w fè pati youn nan kategori ki anwo yo epi w poko resevwa fòmilè I-863, ou ka depoze Fòmilè I-589 ou byen ranpli nan sant sèvis USCIS ki gen konpetans pou aplikasyon w lan. Direktè biwo azil la ka chwazi ba w Fòmilè I-863, nan ka sa direktè biwo azil la ap voye aplikasyon w la devan Tribinal Imigrasyon ki konpetan an.

[Paj 12]

Si w se yon manm ekipaj etranje ki nan prizon epi yo te ba w Fòmilè I-589 ansanm ak enfòmasyon sou privilèj pou yon avoka reprezante w ak konsekans lè w soumèt konsyamman yon aplikasyon frivol pou azil, ou gen 10 jou pou w soumèt Fòmilè I-589 la byen ranpli bay Direktè Biwo Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (ICE) ki nan jiridiksyon pò antre kote bato w la te rive a. Direktè Biwo lokal la ka pwolonje peryòd 10 jou pou fè depozisyon an pou rezon ki valab. Yon fwa w soumèt aplikasyon w lan, Direktè Biwo lokal la ap ba w yon Fòmilè I-863 epi imedyatman transfere aplikasyon w lan devan Tribinal Imigrasyon ki konpetan.

Pati 2. Enfòmasyon Konsènan Egzijans yo apre Depozisyon Aplikasyon an

I. Obligasyon pou Bay Notifikasyon nan ka chanjman Adrès Ou

Si w chanje adrès ou, ou dwe enfòmè USCIS alekri nan espas 10 jou apre demenajman an.

Pandan ke aplikasyon azil ou an annatant nan biwo azil la, ou dwe notifie biwo azil la nan Fòmilè AR-11, Kat Chanjman Adrès Etranje a, oswa pa yon lèt ki siyen e ki gen dat pou notifie USCIS nan espas 10 jou apre chanjman adrès ou.

USCIS pral itilize adrès ou bay nan aplikasyon an oswa dènye notifikasyon sou chanjman adrès ou te soumèt la pou voye kourye yo. Tout avi ki voye pa lapòs nan adrès sa a pral konstitiye kòm sèvis adekwat, eksepte ke sèvis pèsonèl yo ka egzije pou sa ki annapre yo : Fòmilè I-122, Avi pou yon Etranje ki retni pou Odyans devan yon Jij Imigrasyon ; Fòmilè I-221, òdonans pou jistikasyon ; Fòm I-862, Avi pou konparèt ; Fòm I-863, Avi Refe devan Jij Imigrasyon ; ak Fòmilè I-860, Avi ak Òdonans pou ekspilsyon Rapid.

Si w deja nan pwosedi devan Tribinal Imigrasyon, ou dwe notifie Tribinal Imigrasyon an nan Fòmilè 33 EOIR la, Chanjman Adrès Etranje, tout chanjman adrès nan espas 5 jou apre chanjman adrès la. Ou dwe voye notifikasyon an bay Tribinal Imigrasyon ki gen konpetans pou ka w la. Ou dwe notifie USCIS tou nan Fòm AR-11, Kat Chanjman Adrès Etranje a, oswa pa yon lèt ki siyen e ki gen dat nan espas 0 jou apre ou chanje adrès ou.

II. Pwosesis Entèvyou pou Azil

Si w pa nan pwosedi devan Tribinal Imigrasyon, Biwo Azil USCIS ap fè w konnen lè, dat, ak kote (adrès) entèvyou a pwograme.

USCIS rekòmande pou w mache avèk yon kopi Fòmilè I-589 ou nan entèvyou azil ou a. Yon ajan ki azil pral fè entèvyou avèk ou sou sèman epi pran yon desizyon konsènan demann ou an. Nan pifò ka yo, yo p ap fè w konnen desizyon ki pran nan ka w la jiska yon dat apre entèvyou w la.

Ou gen dwa pou yon avoka reprezante w nan entèvyou w la, ki pa sou frè Gouvènman Ameriken an. (Gade **Seksyon IV, Dwa pou jwenn Avoka.**) Ou ka mennen temwen avèk ou tou nan entèvyou a pou temwaye an favè w.

Si w pa kapab kontinye ak entèvyou azil la nan pale yon bon angle, ou dwe bay, sa ki pa sou frè USCIS, yon entèprèt konpetan ki pale angle ak yon lang ou pale byen.

Entèprèt ou a dwe gen omwen 18 an. Moun sa yo pa kapab sèvi kòm entèprèt ou : avoka w oswa reprezantan dosye w, yon temwen k ap temwaye nan non w nan entèvyou a, oswa yon reprezantan oswa yon anplwaye peyi w. Entèpretasyon de kalite ka enpòtan anpil pou demann ou an. Ou dwe jwenn èd sa a ak lajan pa w anvan entèvyou a.

Si w pa mennen yon entèprèt konpetan nan entèvyou a san rezon valab, ka konsidere kòm yon absans san motive nan entèvyou a. Tout absans san motive nan entèvyou a ka anpeche w resevwa otorizasyon pou travay, epi yo ka rejte aplikasyon azil ou oswa voye l dirèkteman devan Tribinal Imigrasyon an.

Si w soud, oswa si w gen pwoblèm pou tande epi w bezwen yon entèprèt lang siy nan lang ou, y ap ba w youn. Kontakte Biwo Azil ki gen konpetans pou ka w la pi vit ke posib ou resevwa yon konvokasyon pou entèvyou azil ou a pou w fè biwo a konnen w ap bezwen yon entèprèt lang siy nan lang ou pou w ka fè aranjman davans.

Si w gen posiblite a, ou dwe pote yon pyès idantifikasyon nan entèvyou w la, ki gen ladan tout paspò (yo), lòt dokiman vwayaj oswa idantifikasyon, oswa Fòm I-94, Dosye Arive-Depa. Ou ka pote nan entèvyou a tout lòt dokiman ki disponib ke w pa t ko soumèt pou aplikasyon ou an. Tout dokiman yo dwe soumèt an twa egzanplè.

Si gen manm fanmi w ki enkli nan aplikasyon pou azil ou a, yo dwe prezante tou nan entèvyou a epi pote tout dokiman idantite oswa vwayaj yo genyen an posesyon yo.

III. Eitati w Pandan Aplikasyon w la Annatant

Pandan dosye w la annatant, w ap jwenn otorizasyon pou w rete Ozetazini. Apre entèvyou azil ou a, si yo pa te akòde w azil epi yo sanble yo ka ekspilse w dapre seksyon 237 INA, 8 U.S.C. 1227, oswa inadmisib dapre seksyon 212 INA, 8 U.S.C. 1182, biwo azil la pral refere aplikasyon w lan, ansanm ak dokiman enklipasyon apwopriye, bay Tribinal Imigrasyon an pou deside sou pwosedi ekspilasyon an.

[Paj 13]

IV. Vwayaje Andeyò Etazini

Si w kite Etazini san w pa jwenn libète pwovizwa alavans nan men USCIS nan itilize Fòm I-131, Aplikasyon pou yon Dokiman Vwayaj, n ap sipoze w abandone aplikasyon ou a. Si w jwenn libète pwovizwa alavans epi w retounen nan peyi kote w te deklare pèsekisyon an, n ap sipoze w te abandone aplikasyon azil ou a, sof si w ka montre ke te gen rezon konvenkan ki jistifye retou w.

REMAK: Pwosesis aplikasyon pou libète pwovizwa alavans varye selon sikonstans pèsonèl ou. Itilize InfoPass sou sitwèb USCIS la pou verifiye nan biwo distri USCIS lokal ou a pou w jwenn enstriksyon sou aplikasyon an. Enfòmasyon siplemantè pou jwenn libète pwovizwa alavans disponib sou sitwèb USCIS la nan www.uscis.gov.

V. Otorizasyon pou Travay Pandan Aplikasyon Ou Annatant

W ap jwenn otorizasyon pou w travay si aplikasyon azil ou a aksepte.

Paske w depoze yon aplikasyon pou azil pa pèmèt ou jwenn otorizasyon pou travay. Ou ka mande otorizasyon pou travay si aplikasyon pou azil ou a annatant epi 150 jou te pase depi USCIS oswa Tribinal Imigrasyon te aksepte aplikasyon ou an. (Gade 8 CFR seksyon 208.7(a).

(1) and 1208.7(a)(1).) Si w lakòz yon reta nan tretman aplikasyon azil ou a ke w

mande oswa lakòz, sa pa pral konte kòm yon pati nan peryòd 150 jou a. Pou plis enfòmasyon sou dokiman otorizasyon pou travay la, gade Enstriksyon Fòmilè I-765. Si yo pa te refize aplikasyon azil ou a nan espas 180 jou apati dat ou te soumèt aplikasyon konplè pou azil la, ou ka jwenn pèmasyon pou w travay lè w ranpli Fòmilè I-765, Aplikasyon pou Otorizasyon Travay, nan USCIS. Swiv enstriksyon ki nan aplikasyon sa a epi soumèt li ak yon kopi jistifikatif jan sa endike nan enstriksyon yo, ke w gen yon aplikasyon azil annatant.

Chak manm fanmi ou te mande pou yo enkli nan aplikasyon ou epi ki vle tou otorizasyon pou travay dwe soumèt pwòp Fòmilè I-765 pa li.

Ou ka jwenn kopi Fòmilè I-765 nan rele nan Sèvis USCIS pou Kliyan yo **1-800-375-5283** oswa sou sitwèb USCIS la nan www.uscis.gov.

Avi Konfidansyalite DHS

OTORITE YO : Enfòmasyon yo mande nan aplikasyon sa a, ak prèv ki asosye yo, kolekte dapre Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite seksyon 208, ak 241(b)(3).

OBJEKTIF : Objektif prensipal enfòmasyon yo mande nan fòmilè sa a se pou detèmine kalifikasyon pou azil Ozetazini, epi pou sispansyon ekspilsyon. Enfòmasyon yo ka itilize tou pou aplike pou repò ekspilsyon dapre Konvansyon Kont Tòti a.

DIVILGASYON : Enfòmasyon ou bay yo volontè. Sepandan, si w pa bay enfòmasyon yo mande yo, ak tout prèv yo mande yo, sa ka retade desizyon final la oswa lakòz yo refize demann ou vle benefisye a.

Itilizasyon Kourant : DHS ka pataje enfòmasyon ou bay nan aplikasyon pou benefis sa a ak lòt ajans gouvènman federal, eta, lokal ak etranje ak òganizasyon otorize. DHS swiv itilizasyon kourant apwouve ki dekri nan avi sistèm anrejistreman asosye ki pibliye yo [DHS/USCIS-001 - Alien File, Index, and National File Tracking and DHS/USCIS-010 - Asylum Information and Pre-Screening] ke ou ka jwenn sou www.dhs.gov/privacy ak EOIR-001, Sistèm Enfòmasyon sou Jesyon Dosye, 69 Fed. Reg. 26, 179 (11 me 2004) oswa siksesè li yo. DHS kapab pataje enfòmasyon yo tou, jan sa apwopriye, nan objektif pou fè respekte lalwa oswa nan enterè sekirite nasyonal.

Fòmilè ak Enfòmasyon USCIS

Ou ka jwenn fòmilè USCIS yo ak enfòmasyon ki gen rapò ak imigrasyon sou sitwèb USCIS la nan www.uscis.gov. Si w pa gen aksè ak entènèt, ou ka kòmande fòm USCIS nan rele Sèvis pou Kliyan USCIS la nan **1-800-375-5283**. Pou TTY (soud oswa mal pou tande) rele: **1-800-767-1833**.

Enfòmasyon siplemantè konsènan azil ak sispansyon ekspilsyon disponib sou sitwèb USCIS la nan www.uscis.gov/asylum ak sitwèb EOIR nan www.usdoj.gov/eoir.

Sanksyon

Si konsyamman e volontèman ou falsifye yon reyalite materyèl oswa si w soumèt yon fo dokiman avèk Fòmilè I-589, n ap refize Fòmilè I-589 ou a epi n ap refize tout lòt benefis ki lye ak imigrasyon.

Anplis de sa, ou pral fè fas ak gwo sanksyon lalwa prevwa pou sa epi ou ka fè objè pouswit penal.

Pou enfòmasyon espesifik, gade **Pati E nan Pati 1, Seksyon V** nan enstriksyon sa yo.

Lwa sou Rediksyon Fòmalitye Administrativ

Yon ajans pa ka mennen oswa patwone yon kolèk enfòmasyon epi yon moun pa oblije reponn ak yon kolèk enfòmasyon sof si li montre yon nimewo kontwòl OMB ki valab kounye a. Chaj rapò piblik pou kolèk enfòmasyon sa yo estime a 12 èdtan pou chak repons, sa ki gen ladan tan pou revize enstriksyon yo, epi ranpli ak soumèt fòmilè a. Voye kòmantè konsènan estimasyon chaj sa a oswa nenpòt lòt aspè nan kolèk enfòmasyon sa a, ki gen ladan sijesyon pou redui chaj sa a bay: Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini, , Divizyon Kowòdinasyon Règlemantasyon, Biwo Règleman ak Estrateji, 20 Massachusetts Ave NW, Washington, DC 20529-2140 , OMB No. 1516-0067. **Pa voye Fòmilè I-589 ou ranpli nan adrès sa a.**

[Paj14]

Konpleman pou Fòmilè I-589

Fòmilè I-589, Konpleman A - Pou itilize pou ranpli **Pati A.II.**

Fòmilè I-589, Konpleman B - Pou itilize pou ranpli **Pati B** ak **C** epi pou bay enfòmasyon siplemantè tout lòt pati ki nan aplikasyon an.